

KISA POU FÈ SI...

jèn moun nan p ap viv avèk yon paran?
paran yo separe oswa divòse?



Pou jwenn plis enfòmasyon:

Pou enskri nan lekòl:

Oumenm (paran, responsab legal, oswa moun k ap bay swen) gen pou montre jèn timoun k ap viv avèk ou ak jèn timoun ou gen gadyenaj ak kontwòl total sou yo. Pou fè sa, men sa ou kapab montre distri lekòl la:

- prèv gadyenaj oswa kontwòl OSWA
- yon afidavit (deklarasyon ou siyen sou sèman) ki endike ou gen "gadyenaj ak kontwòl total" sou timoun nan OSWA
- lòt prèv tankou dokiman ki endike yon ajans federal te mete timoun nan lakay ou avèk yon moun k ap bay sipò.

Gen diferan egzijans pou jèn moun ki nan lojman pwovizwa (sa ka gen ladan, pa egzanp, jèn moun ki sove oswa jèn moun yo te mete deyò lakay yo).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lojman pwovizwa ak enskripsyon, rele NYS-TEACHS nan nimewo 800-388-2014.

Kondisyon pou enskripsyon:

Depatman Edikasyon Eta New York
(NYS Education Department)
Biwo Sèvis Sipò pou Elèv (Office of Student Support Services)
(518) 486-6090

Enskripsyon timoun ak jèn timoun imigran yo:

Depatman Edikasyon Eta New York
Biwo Edikasyon Bileng ak
Lang Monn lan (Office of Bilingual Education & World Languages)
(718) 722-2445

Enskripsyon timoun ak jèn timoun nan nan lojman pwovizwa:

Sant pou Èd Teknik ak Èd nan Edikasyon Eta New York pou Elèv ki Sanzabri (NYS Technical and Education Assistance Center for Homeless Students, NYS-TEACHS)
(800) 388-2014

Depatman Edikasyon Eta New York
Kowòdonatè Eta a pou Edikasyon Sanzabri yo (State Coordinator for Homeless Education)
(518) 473-0295

Tiliv sa a se yon rezime dispozisyon kontwòl ki anvigè epi li pa pou bay anpil enfòmasyon sèlman. Pou jwenn lòt enfòmasyon sou kondisyon kontwòl ki anvigè, tanpri kontakte yon avoka oswa gade 8 NYCRR seksyon 100.2(x) ak 100.2(y), selon modifikasyon ki anvigè apati 1ye jiyè 2015,

Out 2015



YON GID *fason pou konprann* POU KONPRANN NOUVO RÈG YO POU ENSKRIPSYON NAN LEKÒL




New York State
EDUCATION DEPARTMENT
Knowledge > Skill > Opportunity

Pou enskri pitit ou, ou gen pou montre:

- w ap viv epi ou gen entansyon pou rete nan distri lekòl la. Sa rele montre ou se yon “rezidan”.

AK

- laj timoun ou.



Èske ou konnen kijan pou montre w ap viv nan distri kote ou enskri pitit ou yo?



Èske ou konnen kijan pou pwouve laj pitit ou yo?

Èske ou te konnen:

- Pitit ou fèt pou enskri nan youn jou apre demann ou.
- Timoun yo ak jèn timoun yo kapab resevwa yon edikasyon piblik gratis, menmsi yo pa gen papye imigrasyon oswa menmsi yo pa sitwayen ameriken.
- Lekòl yo *pa kapab* mande ou kat sekirite sosyal ou oswa nimewo sekirite sosyal ou nan moman an oswa kòm yon kondisyon pou enskripsyon an.
- Lekòl yo *pa kapab* poze ou kesyon sou sitiyasyon imigrasyon ou nan moman an oswa kòm yon kondisyon pou enskripsyon (men apre enskripsyon an yo ka mande ou nan ki peyi pitit ou te fèt).
- Gen anpil fason diferan pou montre kote ou abite. Lekòl yo dwe ba ou chwa yo epi yo *pa kapab* sèlman mande ou yon kontra lwaye oswa yon tit pwopriyete.
- Pitit ou kapab enskri nan lekòl la menmsi ou pa gen batistè li.
- Jèn moun yo ka enskri nan lekòl nan sèten sikonstans menmsi yo p ap viv avèk paran yo.

Timoun ak jèn moun ki nan lojman pwovizwa yo kapab enskri nan lekòl san yo pa gen dokiman ki nesese pou yo enskri nòmalman. Timoun ak jèn moun ki nan lojman pwovizwa oswa ki se sanzabri si yo pa gen yon adrès fiks, regilye, ak adrès lannwit kòm sadwa ki gen ladan, pa egzanp:

- viv nan yonabri oswa,
- viv nan menm kay avèk yon manm fanmi oswa yon zanmi paske yo te pèdi kay yo oswa paske yo te anba degèpisman.

Fason ou kapab montre kote ou abite:

- Kontra lwaye oswa tit pwopriyete
- Afidavit (yon deklarasyon sou siyen sou sèman) ou resevwa nan menm yon moun ki touche lwaye nan men ou, ki endike w ap viv nan adrès la
- Yon lèt ou resevwa nan men moun ou peye li lwaye a ki endike w ap viv nan adrès la
- Yon lèt ou resevwa nan men yon lòt moun ki endike w ap viv nan adrès ou
- Lòt dokiman, tankou:
 - Souch chèk peman ki gen adrès ou
 - Fòm deklarasyon taks sou revni ki montre adrès ou
 - Bòdwo sèvis piblik oswa lòt bòdwo ki endike sou non ou
 - Dokiman ki montre sou se manm dapre adrès ou, tankou yon kat bibliyotèk lokal
 - Kat enskripsyon elektè
 - Lisans chofè, oswa pèmi, oswa ID ki pa lisans chofè
 - ID gouvènman eta oswa lòt gouvènman bay
 - Dokiman ou resevwa nan ajans gouvènman tankou yon ajans sèvis sosyal oswa Biwo federal pou Re-Entegrasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement)
 - Papye gadyenaj oswa kontwòl sou timoun

Si distri lekòl la deside pitit ou pa kapab ale lekòl nan distri a paske li p ap viv nan distri a, distri a dwe ba ou yon lèt nan de (2) jou ouvab ki eksplike desizyon li ak fason pou konteste desizyon an.

Fason pou montre laj yon timoun:

- Batistè Sètifye (ki soti nan nenpòt peyi)
- Dosye batèm (ki soti nan nenpòt peyi)
- Yon Paspò (ki soti nan nenpòt peyi)

Si ou pa gen yon Batistè, dosye batèm, oswa paspò, ou kapab itilize lòt dokiman yo si ou te genyen yo pandan omwen dezan, tankou:

- Lisans chofè
- ID leta oswa ID gouvènman
- ID lekòl ki gen foto avèk dat nesans
- Kat ID konsila
- Dosye lopital oswa sante
- Kat ID depanndan militè
- Lòt dokiman ou resevwa nan ajans federal/ leta/lokal (egzanp: Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services), Biwo pou Re-Entegrasyon Refijye)
- Lòt tribinal
- Dokiman tribi amerendyen
- Dosye ki soti nan ajans èd entènasyonal oswa nan ajans volontè